



AVI SOU POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 15

Politik: Egzijans Konfòmite pou Founisè Swen Enfòmèl Finanse ki pa Manm Fanmi Timoun

Dat li Efektif: 1/7/2024

Lyen politik la: <https://www.mass.gov/doc/policy-updated-requirements-for-informal-funded-providers-updated-july-2024-haitian-creole/download>

APÈSI

Misyon Depatman Edikasyon ak Swen Bonè a se sipòte kwasans ak devlopman sen tout timoun ki gen pwogram ak resous kalite siperyè pou fanmi yo ak kominote yo. Premye edikatè ak moun k ap bay swen Commonwealth la jwe yon wòl enpòtan nan akonplisman misyon sa a, epi fòmasyon ak aktivite devlopman pwofesyonèl sèvi kòm fondasyon pou travay yo. Mizajou politik sa a presize nouvo egzijans fòmasyon EEC Essentials pou tout founisè swen timoun enfòmèl finanse ki pa manm fanmi.

APLIKABILITE

Politik sa a aplike pou tout founisè swen timoun enfòmèl finanse ki pa manm fanmi.

MIZAJOU KLE

Tout founisè swen timoun enfòmèl finanse k ap travay avèk timoun yo pral oblije swiv pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 ki aplikab la. Yo dwe swiv tout pake a, kèlkeswa a rit yo travay. Founisè yo pral oblije tou swiv pake Resiklaj EEC Essentials la chak ane.

- Moun k ap travay kounye a kòm founisè swen timoun enfòmèl ki te deja swiv fòmasyon EEC Essentials 1.0 yo dwe swiv tout fòmasyon EEC Essentials 2.0 yo anvan 30 jen 2025.
- Moun ki pa janm swiv fòmasyon EEC Essentials yo dwe fè yon verifikasyon pase yo ak tout fòmasyon EEC Essentials 2.0 yo anvan yo travay avèk timoun yo.

RESOUS

EEC Essentials 2.0:

- [Sistèm Jesyon Aprantisaj StrongStart](#) la se yon sistèm jesyon aprantisaj ki ofri fòmasyon obligatwa ak konplemantè pou edikasyon bonè ak anplwaye pwogram swen epi ki ka anrejistre achèvmman kou kou devlopman pwofesyonèl anplwaye yo. Pakè fòmasyon EEC Essentials 2.0 a disponib nan

katalòg kou a pou enskripsyon an. Materyèl èd yo disponib sou paj dakèy la. Anplis de sa, èd disponib nan StrongStartPDS@mass.gov.

- Ou ka jwenn plis enfòmasyon, tankou politik ki aplikab yo, Kesyon yo Poze Souvan, ak resous nan plizyè lang, sou [paj politik](#) la.

OBOSOLÈT (pa sèvi ankò)

Politik sa a ranplase Egzijans Konfòmite pou Politik Founisè Swen Timoun Enfòmèl Finanse (Ki pa Manm Fanmi) ki te deja pibliye an desanm 2019.